

Tibebe Ou nan 6 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 6 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Tibebe a konnen figi li abitye avèk yo epi li kòmanse konnen si yon moun se yon etranje
- Li renmen jwe avèk lòt moun, sitou paran yo
- Li reponn nan emosyon lòt moun epi li sanble kontan souvan
- Li renmen gade figi li nan yon glas

Langaj/Kominikasyon

- Tibebe a reponn nan son lè li fè son
- Li aliyen vwayèl lè l ap gazouye (“ah,” “eh,” “oh”) epitou li renmen patisipe avèk paran yo pandan y ap fè son
- Li reponn nan non pa li
- Li fè son pou montre li kontan ak lè li pa kontan
- Li kòmanse di son konsòn (li jakase avèk “m,” “b”)

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Tibebe a chèche bagay ki toupre li
- Li mete bagay nan bouch li
- Li montre kiryozi konsènan bagay epi li eseye jwenn bagay ki lwen li
- Li kòmanse pase bagay ant yon men ak lòt men an

Mouvman/Devlopman Fizik

- Li woule nan toulède direksyon (devan pou rive dèyè, dèyè pou rive devan)
- Li kòmanse chita san sipò
- Lè li kanpe, li sipòte pwa kò li sou janm li epi li ta ka rebondi
- Li balanse tanzantan, pafwa li rale padèyè anvan li bouje annavan

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Pa eseye pran bagay ki toupre li
- Pa montre afeksyon pou moun k ap pran swen li
- Pa reponn nan son ki toutotou li
- Gen difikilte pou mete bagay nan bouch li
- Pa fè son vwayèl (“ah”, “eh”, “oh”)
- Pa woule nan okenn direksyon
- Pa ri oswa pa fè son ki fò anpil
- Sanble rès anpil, avèk miskilati ki sere
- Sanble mou anpil, tankou yon poupe chiffon

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopman posib, fè doktè ouwa enfimyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.